




Biwo Majistra pou
Afè Imigran yo



Lwa sou Vil ki pwoteje imigran nan Nouyòk.



Liy Dirèk Èd Legal Imigrasyon MOIA.



Rele 1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

Entèpretasyon disponib nan lang ou prefere.

Pou èd legal imigrasyon gratis ak konfidansyèl, imigran nan Nouyòk ka rele liy sipò legal imigrasyon MOIA.

Liy Dirèk NYC 24/7.



Rele 311

Di “Imigrasyon”

Entèpretasyon disponib.



Lwa imigrasyon yo konplike. Pran prekosyon ak fwod nan sèvis imigrasyon oswa moun k ap bay sèvis ki ka fè fo pwomès.

Sonje byen: Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli oswa soumèt fòm imigrasyon pou ou. Yo pa dwe ba ou konsèy legal non plis.

**Nouyòk apresye lavi
tout moun nan vil la.
Kèlkeswa estati
imigrasyon w, nou vle w
santi w an sekirite lè w
ap viv isit la.**





Vil la gen lwa ki fèt pou pwoteje vi prive w.

Si w gen kesyon sou fason yon ajans planifye pou sèvi ak enfòmasyon li kolekte nan men w, ou ka mande yo.



Lwa Nouyòk mete limit pou tout ajans vil la konsènan kantite pwopriyete vil la, tan, ak resous ki ka itilize pou ede ranfòsman lwa imigrasyon federal.



Lwa ki pwoteje imigran yo nan Vil Nouyòk **pa vle di** ke pèsonn nan vil Nouyòk pa ka depòte.

**Kijan mwèn ka
pwoteje tèt
mwèn?**



1

Fè yon plan pou fanmi ou.



Chwazi yon kontak ijans epi sonje nimewo telefòn yo. Yon kontak ijans ka yon moun ou fè konfyans – yon manm fanmi, zanmi, lidè kominotè, oswa yon avoka.



Òganize dokiman w yo epi mete yo nan yon plas ki an sekirite ke kontak ijans ou yo ka gen aksè a.



Chwazi yon gadyen deziyen: yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou si yo arete w. Gadyen deziyen yo gen dwa pou pran desizyon enpòtan pou yon timoun y ap pran swen l, tankou gwo desizyon medikal ak desizyon sou ki kote timoun nan pral lekòl.

2

Evite fè pwoblèm ak otorite yo.

3

Ou ta dwe evite angaje nan yon batay fizik ak ajan lapolis.

4

Pa angaje w nan aktivite kriminèl.

Liy Dirèk Èd Legal Imigrasyon MOIA.



Rele 1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM - 6PM

**Entèpretasyon disponib nan lang ou
prefere.**

Pou èd legal imigrasyon gratis ak
konfidansyèl, imigran nan Nouyòk ka rele Liy
Sipò Legal Imigrasyon MOIA.

Liy Dirèk NYC 24/7.



Rele 311

Di “Imigrasyon”

Entèpretasyon disponib

Nòt

www.nyc.gov/knowyourrights

Pou enfòmasyon ki pi ajou,



- Mete kamera telefòn ou an sou kòd QR ki anba a epi kenbe fiks pou kèk segond.
- Tape notifikasyon ki parèt pou jwenn enfòmasyon an.

